PRESS RELEASE

Martha Pantin
305-520-3197
Martha.pantin@aa.com

POU PIBLIKASYON: Vandredi, 16 me 2014

AMERICAN AIRLINES AP LANSE PWOMOSYON POU JOUNEN FÈT DRAPO AYITI

Pwomosyon an ap ofri 20% rabè pou vwayaj ant 15 septanm ak 10 desanm

MIAMI - Pou selebre Jou Fèt Drapo Ayiti a, American Airlines ap ofri yon rabè 20%* pou vwayaj ant 15 septanm 2014 ak 10 desanm 2014 sou nenpòt nan vòl direk liy ayeryèn nan fè pou ale Ayiti sot Nouyòk - Ayewopò Kennedy, sot Fort-Lauderdale, oswa sot Miami, Florida.

Pou resevwa rabè a, ale nan nenpòt Sant Vwayaj American nan Vil Nouyòk ak nan Sid Florida ant 19 me ak 23 me. Rabè 20% sa a ap aplike sèlman sou nouvo rezèvasyon ou fè pou vòl ale-senp ak vòl ale-retou sou American Airlines, American Eagle, ak/oswa AmericanConnection e li eskli vòl ki gen kòd pataje (lè liy ayeryèn yo pataje menm vòl la). Dat restriksyon pou pwomosyon an se 1ye novanm 2014 jiska 7 novanm 2014 pou vwayaj ki al ann Ayiti ak 25 oktòb 2014 jiska 30 oktòb 2014 pou vwayaj ki soti Ayiti. Rabè a valab pou jiska nèf (9) pasaje kap vwayaje sou menm rezèvasyon an.

Sant Vwayaj nan Vil Nouyòk ak nan Sid Florida:

Sant Vwayaj	Adrès	Lè yo louvri	Direksyon
New York City	360 Lexington Ave. New York, NY 10017	Lendi a Vandredi: 8:30 a.m. – 6:00 p.m. Samdi: 10:00 a.m. – 5:00 p.m.	Sitiye nan santrevil Manhattan ant 40yèm ak 41yèm Street. Sòbwe: S/4/5/6 rive nan Estasyon Grand Central
Coral Gables	901 Ponce De Leon Blvd. Suite 103 Coral Gables, FL 33134	Lendi a Vandredi: 9:00 a.m. - 5:30 p.m. Samdi: Fèmen	Sitiye osid S.W. 8th Street ant N. Le Jeune Road ak S. Douglas Road. Apatide S.W. 8th Street, pran direksyon sid sou Ponce De Leon Blvd.
Oakland Park	2720 East Oakland Park Blvd. Fort Lauderdale, FL 33306	Lendi a Vandredi: 9:00 a.m. - 5:30 p.m. Samdi: Fèmen	Kondwi nan direksyon lès sou Oakland Park Blvd. Li sitiye nan yon ti sant komèsyal, kat blòk alès U.S. 1 sou bò sid lari a.

*Rabè 20% an aplike sou tout pri biyè yo pibliye yo e se pou achte biyè yo touswit. Òf pwomosyonèl sa a pap aplike sou rezèvasyon ki te annatant deja oswa ke ou deja peye pou yo. Rabè a pap aplike sou okenn taks, frè oswa chaj gouvènman oswa ayewopò a enpoze. Òf pwomosyonèl la valab sèlman nan Sant Vwayaj American Airlines nou mansyone pi wo a e ou pa ka reklame pwomosyon sa a atravè okenn lòt sous rezèvasyon, sètadi atravè Rezèvasyon American Airlines, sou Entènèt la nan aa.com, oswa atravè lòt sous. Frè estanda $35 Sant Vwayaj la chaje pou chak dosye pasaje (PNR) pap aplike pou pwomosyon sa a inikman ak pou vwayaj ale/tounen sot Pòtoprens, Ayiti (PAP) sèlman.

Yon pòsyon tout vwayaj ki rezève avèk American Airlines yo ka pase pa American Eagle® oswa American Connection®. Se Envoy Air Inc., SkyWest Airlines, Inc., ExpressJet Airlines, Inc., oswa Republic Airline Inc. ki opere sèvis American Eagle®. Se Chautauqua Airlines, Inc. ki opere sèvis American Connection®.

Enfòmasyon sou American Airlines Group
American Airlines Group (NASDAQ: AAL) se sosyete pòtfèy ki se pwopriyetè American Airlines ak US Airways. Ansanm avèk transpòtè rejyonal ki se pwopriyete esklizif ak sa ki endepandan kap opere sou American Eagle ak US Airways Express, liy ayeryèn yo opere yon mwayèn de prèske 6.700 vòl pa jou nan 339 destinasyon nan 54 peyi, apatide baz li yo nan Charlotte, Chicago, Dallas/Fort Worth, Los Angeles, Miami, New York, Philadelphia, Phoenix ak Washington, D.C. Pwogram America Airlines AAdvantage ak US Airways Dividend Miles yo pèmèt manm yo akimile mileyaj pou vwayaj, pou pakè vakans konplè, pou lokasyon machin, pou rezèvasyon nan lotèl ak pou fè acha toulèjou. Manm toulède pwogram yo ka reklame mileyaj pou biyè avèk tou pou pase de klas ekonomi a Premyè Klas ak Klas Dafè. Metsouli, manm AAdvantage yo ka reklame mileyaj yo pou pakè vakans konplè, pou lokasyon machin, pou rezèvasyon nan lotèl ak pou pwodwi andetay. American se yon manm fondatè **one**world alliance, ki gen manm ak manm eli yo ki sèvi prèske 1.000 destinasyon avèk 14.250 vòl pa jou nan 150 peyi. Konekte avèk American sou Twitter @AmericanAir ak sou Facebook.com/AmericanAirlines epi swiv US Airways sou Twitter @USAirways ak sou Facebook.com/USAirways.

###